

**САЙАГÆ ÆМА ФÆЛИВД АДÆЙМАГ ФИЦЦАГИДÆР ÆХЕ САЙУЙ ÆМА ФÆЛЕВУЙ!..**

***Алексей ТОЛСТОЙ (1883-1945), финсæг: «Фидибæстæбæл æновуд ун – е Райгурæн бæстæ уотид уарзунæй нæй. Дæ уодигъæди гъæуама федарæй-федардæр уа, дæ райгурæн бæстæй æнæбайсгæ ке дæ, уой лæдæрундзийнадæ, æ хæццæ нифсгун æма æнамонд бонтæ зæрдæргомæй фæццæрунмæ цæттæ унæй...»***

***Аци загъд цæйбæрцæбæл раст æй, е рабæрæг æй нури рæстæгути: Фидибæстæбæл се 'новуддзийнади туххæй гъæрæй ка сомитæ кодта, уонæн сæ кæцидæртæ, нæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау архайун ку багъудæй, уæд си фæлледзæги 'нцæ...***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№35 (955) 2024 анзи 21 сентябрь – рухæни мæйæ

Аргъ 1 туман


**ÆНОСТÆМÆ НИН ЦИТГИЙНАГ ÆНЦÆ НÆ ФИДИБÆСТÆ НАМУСГИНГÆНГУТÆ**

## «ФÆЩÆУН АТАКИ!..»



КЪЕСАТИ Астан

Нæ Фидибæсти тугъдон кадæ æма намус æ уæлдай хъиамæттæй агъазиауæй-агъазиаудæр ка кодта, уонæй еу адтæй нæ номдзуд æмзæнхон, Советон Цæдеси Бæгъатæр Къесати Николайи фурт Астан. Абони 'й уомæ гæсгæ имисæн, æма 11 сентябри æ райгурдбæл исæнхæст æй дæс æма фондзинсæй анзи.

Къесати Астан райгурдæй Киристонгъæуи (нуриккон сахар Дигорай) 1914 анзи 11 сентябри. Хуæрзæригонæй æ сагъæсти сæйрагдæр адтæй денгизон исун æма 1933 анзи службæ кæнун райдæдта Тугъдон-денгизон флоти. 1937 анзи каст фæцæй М.В. Фрунзей номбæл Уæлдæр тугъдон-денгизон училище Ленинградi, 1940 анзи ба – дæлдондзæуæг командон состави Уæлдæр сæрмагонд къурситæ.

Устур Фидибæстон тугъди архайдта æ райдайæнæй æ фæууни уæнгæ. Æ берæ лæгдзийнæдти туххæй ин 1944 анзи лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном, хуарзæнхæгонд ма æрцудæй аллихузон тугъдон хуæрзеугутæй.

Фæстугъд, 1953 анзи каст фæцæй Тугъдон-денгизон академи.

Фиццаг ранги капитан Къесати Астан æфсæддон службæй рацудæй æма цардæй Севастополи. Æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 1977 анзи 15 январи, байвардтонцæ 'й Севастополи.

Къесати Астани намусгин ном лæвæрд æрцудæй кæсалгахæссæн-уазалгæнæн траулерæн, Киристонгъæуи кæци скъолай ахур кодта, уомæн, Дзæуæгигъæуи æма Дигорай гъæунгтæн. Æ ном хæссуй Севастополи скъолатæй дæр еу, æрæги ин уой тургъи æвæрд æрцудæй циртдзæвæн æ бюсти хæццæ.


Къесати Астани туххæй æрмæг кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл.


**НÆ АРФИТÆ**



### Æ РÆСТУОД ФÆЛЛОЙНÆЙ АДÆМÆН ФАРНÆХÆССÆГ ÆЙ

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй мæнæ ауæхæн загъд: «Æцæгæй хæларзæрдæ ка æй, е зонуй уарзун дæр æма син сæ хуарзæн архайун дæр...»

Æма аци фæдзæхст рæстуодæй ка æнхæст кæнуй арфиаг гъуддæгутæй, уонæн сæ фиццагдæртæй еу æй **Гуæцæлти Харуми фурт Хаджиморат**. Махмæ гæсгæ, сæрмагондæй æй амонун нæ гъæуй – айдагъ Иристони æма Цæгат Кавкази нæ, фал хæстæг æма идард фæсарæнти дæр берæ рауæнти зундгонд æй куд нæ доги цардарæзти сабурдзийнади æма адæмти хæлардзийнади сæрбæлтау æновуд архайæг.

Нæ кадгиндæр хестæртæй еу, дзæвгарæ æнзти дæргъи æнтæстгинæй разамунд дæттуй нæ республики пусулмæнтти Уодварнон управленийæн. Æ фæрци аци еугонд æй Цæгат Иристони цæрæг алли æхсæнадон адæмихæттити минæвæртти æма алли динтæ æнхæстгæнæг дзилли еугæнæг, æмзунд-æмвæндæй нæ цардиуагæ аразунмæ разæнгардгæнæг.

Æ царвæндаг аци ездон лæг кæддæриддæр аразуй адæмæн гъуддагæй хуарзи цæуни уагæ æма æгъдаубæл. Æ алливарс æрбангом кодта, куд хестæр кари пусулмон динбæл хуæст курухон адæми, уотæ – кæстæрти дæр. Æ архайди сæйраг нисан æй, цæмæй Цæгат Иристони цæрæг берæ адæмихæттити минæвæртти 'хсæн пусулмон дин ахедгæ уа фæнзуйнаг æма уодварни ирæзтбæл архайди менеугутæй, еудзийнадæ, федуд æма хæлардзийнадæ федар кæнунæй.

Гуæцæлти Харуми фурт Хаджиморат райгурдæй 1954 анзи 20 сентябри Таджикистани гъæу Ховалинги. 1977 анзи каст фæцæй Хуæнхон гъæууонхæдзарадон институт. Райста си инженер-механики дæсниадæ. Евгъуд æноси 80-аг æнзтæй сауæнгæ 90-аг æнзти уæнгæ куста нæ республики промышленнон æма арæзтадон кустуæтти.


3



ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

ГАЗЕТ 2025 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 368 СОМИ 10 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 324 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР



http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Мæздæги районы станицæ Терккаги æрæги байгон æй, нуриккон домæнтæн æнхæстæй дзуапп ка дæттуй, уæхæн нæуæг киунугæдонæ. Ефтонггонд æй аллихузон техникон фæрæзнитæй. Уой фæрци ардæмæ 'рбацæуæг адæмæн равгæ уодзæнæй сæ зонундзийнæдтæ фæффулдæр кæнунæн дæр, уæдта сæхе фæндитæ æма проекттæ царди рауадзунæн дæр.*

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ.

### ФÆФФУЛДÆР УОДЗÆНÆЙ КУСТГЪОН КА НÆЙ, УОНИ НИМÆДЗÆ

Уæрæсей нури цæрæг дзиллæн сæ 24 проценти 'нцæ, косунгъон кари ка нæбал æй, уæхæн адæймæгутæ. Фарæ ба еци бæрæггæнæн адтæй 25,8 проценти. Мадта 2026 анзмæ ба сæбæл бафтуйдзæнæй 2,4 проценти. Сæ карæмæ гæсгæ кустгъон ка нæбал æй, еци адæми нимæдзæ уодзæнæй 1,5 миллион адæймагей бæрцæ.

Советон Цæдес ку фехалдæй, уæди уæнгæ, кустгъон ка нæбал уидæ, уони нимæдзæ 20 процентемæй уæлдæр некæд уидæ, 2000-2019 æнзти ба Уæрæсей цæргути цуппæрæнхай кустгъонбæл нимад нæбал уидæ. Пенсион реформи фæсте – 2027 анзи уæнгæ – сæ нимæдзæ дæлдæргæнгæ цæудзæнæй æма æрхаудзæнæй 22, 5 процентемæ. Уой фæсте бабæй нæуæгæй хердмæ хезун райдайдзæнæй.

### ФЕДДОНТÆ БАЙЗАЙДЗÆНÆНЦÆ

«Земский доктор» æма «Земский учитель», зæгъæ, федералон программити архайгутæн гъæуама фист ци æхцатæ цæуонцæ, уони бæрцитæ 2030 анзмæ фæффулдæр уодзæнæнцæ. Уой тухххæй Уæрæсей Президент фегъосун кодта Идард Искæсæни экономикон форуми. Уордæмæ косунмæ ци дохтиртæ æма ахургæнгутæ рандæнцæ, уонæн фист цæудзæнæй еурæстæгон феддонтæ. Иннæ анзæй фæстæмæ ба ма уæхæн хузи материалон фæрæзнитæ федун райдайдзæнæнцæ культури къабази косгутæн дæр: гъæуун клубти, исфæлдистадон хæдзæртти, киунугæдæнтти, музыкалон скъолати æма музейти косгутæн.

### ХУÆДТОЛГИТÆ ФÆХЪХЪАЗАРДÆР ÆНЦÆ

Августи куд рабæрæг æй, утемæй рæуæг хуæдтолгити æргътæ рæстæмбес нимадæй фæббæрзонддæр æнцæ 2 процентей бæрцæ æма исхизтæнцæ 3,65 миллион сомей уæнгæ. Уогæ алли рауæнти еци бæрæггæнæнтæ 'нцæ фæйнæхузон. Зæгъæн, Мæскуй фæхъхъазардæр æнцæ 1 проценти, Новгороди облæсти – 3,3 проценти, фал уæддæр Мæскуй хуæдтолгити æргътæ нуртæккæ 'нцæ тæккæ хъазардæр.

### АХУРГÆНГУТÆ НÆ ФАГÆ КÆНУЙ

Уæрæсей скъолати нæ фагæ кæнуй 20 мин ахургæнæгей бæрцæ. Кусти уавæртæ аккаг æмвæзадæбæл æвæрд ке нæ фæуунцæ, сæ кусти мизд бустæги ниллæг ке æй, уомæ гæсгæ ахургæнгутæ институти фæсте, дууæ анзей бæрцæ бакосгæй, сæхецæн æндæр кусти ниллæуюни мадзæлттæ агорун райдайунцæ. Скъолай ахурадон программитæ æгæр ахид æййивд цæунцæ, мадта скъолатæмæ ахид цæунцæ аллихузон бæрæггæнгутæ дæр ахургæнгутæн сæ кусти гъæдæ исбæлвурд кæнунмæ.

Уомæ гæсгæ ба нæ бæсти берæ рауæнти, уæлдайдæр ба устур сахарти дæр ахургæнгутæ нæ фагæ кæнуй. Ахургæнгутæй сæ кустбæл æ къох ка исесуй, етæ ба ахиддæр исунцæ репетитортæ, кенæ æндæр ести уæхæн гъуддагбæл хуæст косгутæ.

## ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ ГЪÆУАЙКÆНУЙНАДИ КЪАБАЗИ ЕУГУР ФАРСТАТÆ ДÆР АХСГИАГ ÆНЦÆ



# КÆМÆЙ ЦИ ФÆРРЕСУЙ, УОЙ КОЙ КÆНУЙ...

Нæ абони дзубандийæн сæргондæн хумæтæги не 'рхастан нæ рагфидтæлтиккон загъд – æцæгæйдæр, алкедæр ни фиццагидæр фæдздзоруй, хъæбæрдæр цæмæй тухсуй, уой тухххæй. Æма нæ абони цардæрæзти ба нæ берæ цидæртæ тухсун кæнунцæ, уæлдайдæр ба æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази аллихузон нæхъæртондзийнæдтæ. Раст зæгъгæй, фæстаг рæстæгути си агъазиау зæрдæмæдзæугæ æййивддзийнæдтæ æнхæстгонд æрцудæй, уæддæр си гъæндзийнæдтæ æгæр берæ ма 'нцæ.

Уавæр æцæгæй куд æй, æвæдзи, уой базонуни зæрдтæй æрæги Цæгат Иристон бабæрæг кодта Уæрæсей æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр **Михаил Мурашко**. Æ хæццæ ма нæ республики Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис**, æ хуæдæййевæг **Александр Реутов**, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр **Тебиати Сослан**, утемæй æ балци райдæдта Беслæнæй. Ами фиццагидæр бацудæй, инсæй анзей размæ Беслæни фиццаг скъолай террористон фудбæлахи ка бастъалдæй, етæ кæми æвæрд æнцæ, еци уæлмæрдтæ «Изæдти сахар»-мæ, зæрдхъурмæй бахъонц кæнгæй, деденгутæ исæвардта цирдзæвæн «Хъонци бæласæ»-йи фарсмæ.

Беслæни уогæй, федералон министр базонгæ 'й Цæгаткавказаг берæкъабазгин медицинон центри архайди хæццæ. Аци дзæбæхгæнæни ахедундзийнадæ агъазиау æй – пайда си кæнунцæ айдагъ нæ республики цæргутæ нæ, фал еугур Цæгат Кавкази æма бæсти регионти сæйгитæ дæр.

Михаил Мурашко ма бабæрæг кодта Дзæуæгигъæуи 1-аг поликлиникæ. Æ равналæнтæмæ гæсгæ си еу кезуй рæстæги агъазгонд цæуй 1200 сæйгæй фулдæремæн. Амбулаторон-поликлиникон агъаз кæнуй 111074 адæймагемæн. Поликлиники сæйраг дохтир **Мецъати Зæринæ** куд радзурдта, утемæй фæстаг æнзти национ проекттæ æма паддзахадон программити фæрци сæ медицинон ефтонггадæ зингæ фæххуæздæр æй, берæ нæуæг фæрæзнитæ сæмæ фæззиндтæй

Федералон министр фембалдæй медицинон академий студентти æма ахургæнгути хæццæ. Æрдзубанди кодтонцæ æнæнездзийнади къабазæн хуарз специалисттæ цæттæ кæнуни хæццæ баст фарстатæбæл. Министри дзубандимæ гæсгæ, цæгатиристойнæгтæн фулдæр дæттунцæ нисанмæарæзт бунæттæ бæсти ахургæнæндæнтти. Бунæттон академий ба араздзæнæнцæ фулдæр лекцитæ, нæ бæсти номдзуд дохтиртæ си ахурдзаутæн амондзæнæнцæ сæ арæхстдзийнадæ.

Михаил Мурашкой дзубандимæ гæсгæ, нæ регион национ проекттæмæ гæсгæ æ ихæстæ æнхæст кæнуй. Уони фæрци ами медицинон косæндæнтти бундорон цалцæг æма ефтонггадæн лæвæрд æрцудæй 600 миллион соми.

Федералон министр уæлдай æргом раздахта диспансеризаци æма незтæ ма 'руадзуни мадзæлттæ æнхæстæй æма афойнадæбæл аразуни гъуддагмæ. Куд загъта, утемæй нуриуæнгæ балхæдтонцæ гриппи нихмæ вакцинæ, хестæр кари, хроникон незтæй сæйæг адæм æй гъæуама æвæстеуатæй искæнонцæ.

Федералон министр нæ республикæ ке бабæрæг кодта, е бæргæ хуарз æй, фал никки хуæздæр ба е уодзæнæй, æма æ балций фæрци кæдимайди ба нæмæ æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази уавæртæ адæми хуарзæн зингæ фæрраæвдзæдæр уиуонцæ, абони си ци гъæндзийнæдтæ ма ес, етæ æндæгонд æрцæуиуонцæ.

*Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта*
**БИЧИЛТИ Алетæ.**

## НАЦИОН ПРОЕКТТÆ ÆМА ПАДДЗАХАДОН ПРОГРАММИТÆ КУД ÆНХÆСТГОНД ÆЦУНЦÆ

# КУСТИТÆ ÆМА ЗИЛДТИТÆ КÆРÆДЗЕЙ ÆЙЙАФУНЦÆ

Цæгат Иристони Хецауади Сæрдар **Дзанайти Бариси** разамундæй æрæги ци аппаратон æмбурд арæзт æрцудæй, уоми æркастæнцæ национ проекттæ æма паддзахадон программитæ нæ республики куд æнхæстгонд цæунцæ уомæ, уæдта ма оперативон уавæр æма æдасдзийнади фарстатæмæ.

Æмбурди райдайæни Цæгат Иристони Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Æгъузарти Мурат** æ радзубандий куд фегъосун кодта, утемæй абони уæнгæ дæр ма Цæгат Иристони райончи 54 гъæуеми зингисерæвзтæй тæссаг æй æма цæмæй маци фудбæлæхтæ æрцæуа, уой тухххæй рагацау арæзт цæунцæ гъæугæ гъæуайгæнæн ахедгæ мадзæлттæ.

Цæгат Иристони æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри хуæдæййевæг **Томайти Тамарæ** ба æмбурди архайгутæн фегъосун кодта, хуæцгæ нездæй сæйæг сæйгити нимæдзæ нæ республики цæйбæрцæ 'й, уой. Диспансеризаци идарддæр куд цæуй, уобæл дзоргæй ба куд загъта, утемæй, абони уæнгæ се 'нæнездзийнади уавæр исбæрæг кодтонцæ 3292 адæймаги.

Цæгат Иристони финансити министри хуæдæййевæг **Оксанæ Каровай** дзубанди ба адтæй, республики бюджети фæрæзнитæ куд æма цæбæл харзгонд цæунцæ. Æ загъдмæ гæсгæ, национ проекттæ æма паддзахадон программити нисантæн нуриуæнгæ æхцай фæрæзнитæ дехгонд æрцудæй 82 проценти.

Национ прооекттæ æма паддзахадон программи нисантæбæл дзоргæй, Æгъузарти Мурат дæр, куд загъта, уомæ гæсгæ, уони фæрци нæ республики берæ ахсгиаг гъуддæгутæ арæзт цæуй, фал си ес къулумпидзийнæдтæ дæр. Етæ еугурæй дæр баст æнцæ æхцай фæрæзнитæ ке нæййес, уой тухххæй.

Цæгат Иристони арæзтадæ æма архитектури министр **Атарати Георгий** ба радзурдта, нæ республики арæзтадон фæзти куститæ æма бундорон цалцæг кæнуни куститæ куд цæунцæ, зæйтæ рацæунæй тæссаг кæми æй, еци рауæнти цæрæг адæми нæуæг цæрæнуæттæмæ раййевуни фарстатæбæл. Æ загъд адтæй:

– Ногири музыкалон скъола æма Дзæуæгигъæуи сувæллæнтти исфæлдистадон Галауани бундорон цалцæги куститæ ниддæргъæвтийнæ 'нцæ. Аразæг организаци архайди ес бафауйнæгтæ æма син уой фæдбæл нæ уайдзæфтæ балæдæрун кодтан. Етæ нин зæрдæ байвардтонцæ куститæ фæттагъддæр æма амунд афонæмæ сæ кæронмæ исæнхæст кæнунæй. Уомæй уæлдай, къулумпитæ исæвзурдæнцæ миграцион службæ хæццæ. Зæйтæ рацæунæй тæссаг бунæтти ка цæруй, еци адæми номхигъдтæ нин абони уæнгæ дæр нæма равардтонцæ. Цæрæнуæттæ син радех кæнунæн æхцай фæрæзнитæ ба æрвист цæудзæнæнцæ æртæ анзей дæргъи.

Агротуризмæ æма гъæууонхæдзарадон проектти нисанти фæдбæл ба радзурдта Цæгат Иристони хуайраги æма гъæуун хæдзаради министр **Къусрати Алан**. Куд загъта, уомæ гæсгæ агротуризми ирæзти программæ нæ республики æнхæстгонд цæуй æнтæстгинæй. Е загъта:

– Гранттæ лæвæрд æрцудæнцæ, гъæуун хæдзаради къабази æнтæстгин куст ка кæнуй, еци амалгъон адæймæгутæн. Уæрæсей Федераций Гъæууон хæдзаради министрадæмæ агротуризми фæдбæл нæ бæсти алли рауæнтæй ци берæ проекттæ æрвист æрцудæй, уони 'хсæн Цæгат Иристони проекттæ сæ еугур дæр бæрæггонд æрцуднæнцæ. Е æхцæуæн хабар æй.



Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй уæхæн загъд: «Аллибони куститæ æма зилдтитæ кæрæдзей æййафунцæ!..» Æма си алкедæр æ афони ку не 'нхæст кæнай, уæд æрæмбурд унцæ æма кæрæдзей хъор кæнун байдайунцæ. Уотæ 'й национ проекттæ æма иннæ паддзахадон программити фæткæ дæр – алкæмæн дæр си æнхæст кæнунæн бæлвурд рæстæг ес æма бæрнондæрæй архайун гъæуй.

*Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта*
**ХЕКЪИЛАТИ Маринæ.**

**Дæс æма дууинсæй анзей размæ (1974 анзи 26 сентябри) ССР Цæдеси сæйраг Советти Президиуми Указæй Цæгат Иристони АССР хуарзæнхæгонд æрцудæй нæ бæсти цитгиндæр хуæрзеугутæй еуемæй – Октябри Революций орденæй.**

АДÆМИ ÆГЪДАУДЗИЙНАДÆ СÆ КÆСТÆРТÆБÆЛ АУОДУНДЗИЙНАДÆЙ БÆРÆГ КÆНУЙ!..





# «КÆСТÆРТИ ЦИЙНÆН ÆМБАЛ НÆЙЙЕС!..

Æ кæстæрти хуæрзтæ фæууинун ба ни ке нæ фæндуй, уони амондмæ ни ка нæ бæллуй!.. Æма цæмæй еци фæндитæ æма бæлдитæ исæцæг уонцæ, уомæн ба ма косун дæр гъæуй. Раст зæгъгæй, еци гъуддаги нæ республики берæ зæрдæмæдзæугæ гъуддæгутæ арæзт цæуй.

Æма бабæй мæнæ æрæги æрцудæй еума æхцæуæн хабар. Дзæуæгигъæуи сувæллæнтти Хæдзарæ-интернат «Табедзæ»-йи («Ласка») бундорбæл байгон æй, 12-18-анздзуд бауæригъæдæй гъигæдард сувæллæнттæ, айдагъдæр бонигон кæми уодзæнæнцæ, уæхæн хайадæ, æма ’й исхудтонцæ «Исонибон». Ауæхæн нæуæгдзийнадæй Цæгат-Кавказаг Федералон зилди фиццагидæр махмæ фæззиндтæй.

Аци хайадæ игон кæнуни бони сувæллæнтти Хæдзарæ бабæрæг кодтонцæ Цæгат-Кавказаг федералон зилди Уæрæсей Федераций Президенти Æнхæстбаргин минæвари хуæдæйййевæг **Владимир Надыкто**, нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæйййевæг **Плати Альбинæ**, Цæгат-Кавказаг федералон зилди субъектти сувæллæнтти бартæбæл æнхæстбаргинтæ.

Хæдзарæ-интернат «Табедзæ»-йи сæргълæуууæг **Самати Аринæ** иуазгутæн фæууинун кодта ахургæнæн азгъунститæбæл ци æрмадзæ ес, уой. Иуазгутæ цæмæдесгæнгæй зонгæ кодтонцæ, интернати гъомбæлкæнуйнæгтæ сæхе къохтæй ци дессаги дзаумæуттæ аразунцæ æма ци хузтæ кæнунцæ, уони хæццæ – рауадæй си заманай равдист. Уоййасæбæл зæрдесгæ рауадæй, интернати гъомбæлкæнуйнæгтæ иуазгутæн ци аййевадон концерт равдистонцæ, е дæр – сувæллæнттæ иуазгути деси бафтудтонцæ сæ кафуни æма заруни дæснидзийнадæй.

Сувæллæнттæ бонигон кæми уодзæнæнцæ, уæхæн хайадæ Хæдзарæ-интернат «Табедзæ»-йи бундорбæл ке байгон æй, уой фæдбæл видеобастдзийнади фæрци бæрæгбони архайгутæн райарфæ кодта сувæллæнтти барти фæдбæл Уæрæсей Федераций Президенти размæ Æнхæстбаргонд **Мария Львова-Белова**.

Социалон æгъдауæй лæггадæгæнæг паддзахадон бюджетон косæндонæ «Республикон хæдзарæ-интернат «Табедзæ» иссæй, Уæрæсей Федераций Президенти размæ Æнхæстбаргонди хъæппæресæй, «Центр новых возможностей», зæгъгæ, ци дуйнеуон конкурс арæзт æрцæуй, уомæн æ уæлахездзау. Уой туххæй син равардтонцæ грант, æма си исаразтонцæ аци хайадæ, исефтонг æй кодтонцæ гъæугæ ефтонггæрзтæй, бацæттæ кодтонцæ аллихузон æрмадзитæ, цæмæй си бауæргъæдæй гъигæдард сувæллæнттæн архайуни гæнæнтæ уа, уой туххæй. Аци рауæн сæ ахур кæнунцæ зарунбæл, кафунбæл, хуйунбæл, театралон сценкитæ æвдесунбæл, æфснайунбæл, хуæруйнаг кæнунбæл, деденгутæмæ зелунбæл, полиграфион æма æндæр куститæбæл. Хæдзарæ-интернати гъомбæлкæнуйнæгти нимæдзæ ’й 90 сувæллони, уонæй инсæййемæ хæстæг æнцæ, айдагъдæр си бонигон, гъома, центр «Исонибон»-и ка фæуууй, уæхæнттæ.

Еци бон ма хæдзарæ-интернат «Табедзæ»-йи арæзт æрцудæй семинар, архайдтонцæ си бауæргъæдæй гъигæдард сувæллæнтти хæццæ ка косуй, еци специалисттæ. Етæ æрдзурдтонцæ, сæйгæ сувæллони ирæзтæн агъазгæнæг мадзæлттæбæл æма базонгæ ’нцæ сæ кæрæдзей фæлтæрддзийнади хæццæ.

Фæстæдæр ба Хецауади хæдзари арæзт æрцудæй æмбурд уæхæн темæбæл: «Бауæригъæдæй гъигæдард ка æй, еци сувæллæнтти æма æригон адæймæгути, уæдта, ци бийнонти ’хсæн ирæзунцæ, уони царди уавæртæ хуæздæр кæнуни, фарстатæ æма сæ райаразуни нисантæ».

ЕУ БАКАСТÆН – КОНД ÆМА УИНДÆ, ИННЕМÆН – ЗÆРДИХАТТ ÆМА УОДИКОНД

# Æ РÆСТУОД ФÆЛЛОЙНÆЙ АДÆМÆН ФАРНÆХÆССÆГ ÆЙ

Адтæй нæ республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри хуæдæйййевæг. Къуар анзи разамунд лæвардта Цæгат Иристони Æнæнгъæлæги уавæрти министради паддзахадон кустуат «Защита»-йæн. Фæстæдæр æй иснисан кодтонцæ Цæгат Иристони транспорти министри хуæдæйййевæгæй.

Аци бæрнон бунæттæй си алкæми дæр Хаджиморат æхе равдиста арæхстгинæй, арф æма берæвæрсуг зонунддзийнæдтæ кæмæ ес, æ размæ æвæрд ихæстæ æнхæст кæнунмæ бæрнон æма лæмбунæг цæстæй ка кæсуй, фæккæсунгъæуагæ адæймагæн фæййагъаз кæнунмæ цæттæ ка æй, адæми ’хсæн нифсдæттæг æма æуууæнки дзурд зæгъунмæ ка архæсуй, уæхæн разамонæгæй.

Нур инсæй анземæй фулдæр Гуæцæлти Хаджиморат æй Цæгат Иристони пусулмæнтти Уодварнон управлений сæрдар-муфтий. Аци бæрнон бунати ибæл ес берæ бæрнон æма ахсгиаг ихæстæ, айдагъ пусулмон динбæл хуæст адæми размæ нæ, фал ма иннæ адæмихæттити æма иннæ динтæ æнхæстгæнæг дзилли размæ дæр. Æма сæ Хаджиморат алкæддæр æнхæст кæнуй фæнзуйнагæй. Е уотæ ке æй, уобæл дзорæг æй, Уæрæсей муфтийти Совети æмсæрдари бунати нур къуар анзи арæхстгинæй ке косуй, е дæр. Æ зунд æма æхсæнадон, паддзахадон кусти фæлтæрддзийнадæ хуарзæй зиннуй е ’мгустадæбæл Цæгат Иристони министрадтæ æма ведомствити, æхсæнадон организацитæ æма змæлдтити хæццæ æнтæстгин æмгустадæй дæр. Гуæцæлти Хаджиморат ма ’й Цæгат Кавкази пусулмæнтти Координацион центри æмсæрдар, нæ республики Æхсæнадон палати иуонг, Цæгат Иристони нацити гъуддæгути министради Æхсæнадон совети иуонг, Уæрæсей Федераций юстиций управлений цæгатиристойнаг хайади Координацион совети, нæ бæсти Слестгæнæг комитети цæгатиристойнаг управлений Æхсæнадон совети иуонг. Алкæддæр æма алкæмидæр Хаджиморати еудадзугон курухон архайд æ хуарздзийнæдтæй бæрæг даруй нæ республики æхсæнадон царди.



Нæ хъазар хестæр Гуæцæлти Хаджиморатæн æ юбилейи фæдбæл кæнæн зæрдиаг арфитæ. Нæ Исфæлдесæгæй ин абони корæн, цæмæй ин алкæддæр æнхæстæй аккаг кæна федар æнæнездзийнадæ, нифс æма разæнгарддзийнадæ, нæ Иристони цæрæг адæмти еудзийнадæ æма еумæйаг рохс исонибони сæрбæлтау æ бæрнон архайди.

***Республикон газет «Дигорæ»-йи редакций косгутæ.***

*Къари: Гуæцæлти Хаджиморати разамундæй Цæгат Иристони пусулмæнтти Уодварнон управлени ци берæ арфиаг гъуддæгутæ аразуй, уонæй еу æй аллианзон спортивон спартакиадæ, фæййархайунцæ си Цæгат-Кавказаг федералон зилди регионти минæвæрттæ. Аци мадзали ахедундзийнадæ агъазиау уомæй æй, æма ’й еугур адæмти фæсевæди лимæнгæнæг, кæрæдзебæл сæ зæрдиагæй æхцул кæнуй.*

ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ.

## СÆ РАВГÆ НÆЙ

Уæрæсей сахъат адæмбæл нимад ка цæуй, уони æмбеси бон нæй интернетæй пайда кæнун. Никки ба ма сахъат адæм се ’мдогæнттæй минкъийдæр пайда кæнунцæ интернетæй. Æнæнез адæмæй интернетæй ка пайда кæнуй, уони нимæдзæ ’й 1,4-37 проценти, сахъатгинти нимæдзæ ба иссæй 20-60 проценти. Е æй, гъæугæ фæрæзнитæ син ке нæййес, уой фудæй.

## СÆ СОСÆГДЗИЙНÆДТÆ ÆРГОМ КÆНУНЦÆ

«Ведомости»-й бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ айдагъдæр аци анзи фиццаг æмбеси, Уæрæсей сæ сосæгдзийнæдтæ æргомгонд æрцудæнцæ 986 рæнгъей бæрцæ. Фари хæццæ рабаргæй, еци нимæдзæ ’й 33 проценти фулдæр. Фари хæццæ рабаргæй 415 хатти фæффулдæр æнцæ, кедæр сосæгдзийнæдтæ раргом кæнуни гъуддæгутæ дæр. Уæрæсей фæлхасадæмæ цæстдарæг управленийæй ба давд æрцудæй 500 миллион рæнгъи аллихузон бæрæггæнæнтæ.

## ЗНАГГАДÆХÆССÆГ КЪАНАЛТÆ

Паддзахадон Думи фæззигон сессий æркæсуйнаг æнцæ телеуинунади къаналтæй кæцидæртæ адæмти ’хсæн æзнаггадæ хæссæг куст ке кæнунцæ, еци фарстатæмæ. Депутатти гъудимæ гæсгæ телевизион къаналтæ ахид сæ комкоммæ ихæстæ æнхæст кæнуни бæсти рахезунцæ зианхæссæг равдиститæмæ. Сæ рæдуд син амунд ку ’рцудæй, уой фæсте ба си дууæ устур къанали сæ нæмттæ райййивтонцæ, фал уæддæр знаггадæхæссæг куст ба идарддæр кодтонцæ.

## УÆЛÆНХАСÆН КУСТИТÆ

Уæрæсей косæг адæми 29 проценти алли бон дæр сæ сæйраг кустæй уæлдай ма кæнунцæ уæлæнхасæн куститæ дæр. Фарст ка ’рцудæй, еци адæмæн сæ цуппæрæймаг хай куд байамудтонцæ, уотемæй уонæй къуæремæ æртæ хатти алкедæр багъæуй уæлæнхасæн рæстæгутæ бакосун. Æдеугурæй ба уæхæн куст кæнунцæ уæрæсейæгти 80 проценти. Сæ фулдæр кусти байзайунцæ, иннæ косгутæ бунати ке нæ разиннунцæ, куст æгæр уæззау ке фæууй, уомæ гæсгæ. Еци-еу рæстæг сæ фулдæр хаййæн сæ еци уæлæнхасæн кустбæл æхца фист нæ цæуй. Уотемæй ба се ’нæнездзийнадæ уой фудæй лæмæгъдæргонд æма гъигæдарддæр цæуй.

## КУСТАДОН ФИДБИЛИЗТИ НИМХÆ ТОХÆН – АХЕДГÆ ФÆРÆЗНИТÆ

Уæрæсей премьер-министр Михаил Мишустин куд фегъосун кодта, уотемæй 2025 анзи кустадон бунætти фидбилизтæ ’рцæуни нихмæ тох кæнуни мадзæлттæ аразунæн æма косгути æнæнездзийнадæ гъæуай кæнуни уавæр фæххуæздæр кæнунæн дехгонд æрцæудзæнæй 35 миллиард соми. Аци анз еци гъуддæгути фæдбæл хæрзтæ хъæртунцæ 28 миллиард сомемæ. Æма мæнæ нур ци унаффæ хаст æрцудæй, е зингæ фæййагъаз уодзæнæй кусти рæстæг фидбилизæрцудтити бæрцæ дзæвгарæ фæмминкъийдæр кæнунæн, косгутæн ба зæрдæмæдзæугæдæр уавæртæ аразунæн.

**Дессаги фæткæ бæрæггонд цæудзæнæй 22 сентябри – æнæ хуæдтолгæй Еугурдуйнеуон бон. Æ нисанеуæг æй: «Сахар куд адæми уодæнцойнæн итигъдадæ, цардгъондзийнади итигъдадæ!..»**

*Нæ республики Парламенти Совети иуонгтæ се 'мбурди æрæги æрдзурдтонцæ «Тугъдон намуси цæрæн бунат»-и Республикæ Цæгат Иристон-Аланий кадгин номи туххæй» закъони проектбæл. Парламенти имæ 'ркæсунмæ документ бацæттæ кодта республики Сæргълæууæг. Иннæ анз бæрæг кæндзинан Устур Фидибæстон тугъди Уæлахези 80 анзи. Æма, закъони проекти куд загъд ес, уотемæй, еци бони кадæн*

НÆ ФИДИБÆСТИ БÆГЪАТÆРТÆЙ СÆРУСТУР АН!..

# БАВДИСТА АЛÆМÆТИ ЛÆГДЗИЙНАДÆ



Сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй, цæгатиристойнаг тугъдон **Александр Данилов** æхсаргинæй ке фескъуæлхтæй, уой туххæй ин аккаггонд æрцæудзæнæй Уæрæсей Бæгъатæри кадгин ном. Уой туххæй фегъосун кодта Уæрæсей Президент **Владимир Путин**, æрæги не 'мзæнхон бæгъатæри, е æ цæфтæй æхе ци госпитæли дзæбæх кæнуй, уоми 'й ку бабæрæг кодта, уæд сæмæ ци зæрдиаг дзубанди рауадæй, уой рæстæги.

Мæскуй уæлдæр æфсæддон командон училищей раугъдон, дæлболкъон Александр Данилов разамунд лæвардта не 'фсæддони батальонæн, Курски облæсти поселок Малая Локня украинаг æфсæдтæй гъæуайгæнгæй.

Еци карз тохи рæстæг Александри батальон ниппурхæ кодта знаги аст тъасхæгæнæг къуари, фестæгæфсæддонтæ ласæг аст хуæдтолги, 15 хуæдтолгæ «Хаммер»-и, уацари райста еу украинаг æфсæддони. Кæцидæр усми не 'фсæддонтæ уæззау уавæри бахаудтæнцæ, знæгтæ сæбæл æрхъола 'нцæ, уотемæй тохæнгарз нæбал фагæ кодта нæхеуонтæмæ, цæмæй, сæхуæдтæ кæми 'нцæ, уордæмæ знæгти цæвонцæ дзармадзантæй, кæд æма æхецæн дæр æма е 'мбæлттæн дæр хъæбæр тæссаг адтæй фæммард унæй, уæддæр.

Афицер ку фæццæф æй, уæддæр нæ ниуугъта æ бунат, рамбурд кодта е 'фсæддонти, цæфти, уонæбæл ма бафтудæнцæ бунæттон цæргутæй еу-дæс æма инсæй адæймаги, æма сæ уотемæй æдас рауæнмæ ракодта.

Александр Даниловæн æ алæмæти лæгдзийнадæн никки аккаг аргъгонд цæуй, – куд загътан, уотемæй ин нæ бæсти разамонæг Владимир Путини фæндæй лæвæрд æрцæудзæнæй Уæрæсей Бæгъатæри ном, æрвист æрцæудзæнæй идарддæр ахур кæнунмæ Уæрæсейаг Гæрзефтонг тухти Генералон штаби Академимæ.

РÆСТВÆНДАГ УО!..



### «ФИЦЦÆГТИ ÆЗМÆЛД»-И СÆРГЪИ – УÆРÆСЕЙ БÆГЪАТÆР

Уæрæсей Президент **Владимир Путин** æ бардзурдæй иснисан кодта сæрмагонд æфсæддон операций архайæг, Уæрæсей Бæгъатæр **Артур Орлови** сувæллæнтти æма фæсевæди Еугуруæрæсеуон æзмæлд «Фиццæгти Æзмæлд»-и правлений нæуæг сæрдарæй. Раздæр еци бунат ахæста **Григорий Гуров**, нур ба е иссæй Уæрæсей фæсевæдон комитети сæргълæууæг.

Артур Орловбæл цæуй финддæс æма инсæй анзи. 2022 анзи 24 февралæй фæстæмæ архайдта сæрмагонд æфсæддон операций. 2022 анзи июнæй фæстæмæ майор Орлов командæ кодта размæмпурсæг танкитæ æма мотоæхсæг дæлхайæдтæн. Уæд сæ размæ æвæрд æрцудæй гъæу знагæй исуæгъдæ кæнуни ихæс. Уой æнхæст кæнгæй, хъæбæр уæззау æма тæссаг уавæрти æ дæлбарæ æфсæддонтæн разамунд дæттгæй, бавдиста агъазиау лæгдзийнадæ æма раздзæуæги арæхстдзийнадæ. Уой фæрци æфсæддон ихæслæвæрд æнтæстгинæй æнхæстгонд æрцудæй.

Нуртæккæ Артур Орлов æй программæ «Бæгъатæрти рæстæг»-и архайæг, цæттæ кæнунцæ сæрмагонд æфсæддон операций ка архайдта, еци ветерантæй паддзахадон службæгæнгутæ. Уой туххæй еу æма дууæ хатти нæ дзурдта В.В. Путин. Гъæуама аци тугъди ветерантæн еугур фадуæттæ дæр уа сæ карни нисантæ æнхæст кæнунæн.

Артур Орлов æхуæдæг куд загъуй, уотемæй иунæг кадæбæл нимайуй, уæхæн бæрнон ихæс æнхæст кæнун ин æ бæрни ке бакодтонцæ, фадуат ин ке фæцæй æ зонундзийнæдтæ æма гъæздуг фæлтæрддзийнадæ кæстæртæн дæттунæн. Æма зæрдæ æвæруй:

– Идарддæр дæр архайдзинан не 'змæлди аллихузон хъæппæрестæ, загъæн, «Быть, а не казаться», «Зарница 2.0», «Хранители памяти» æма æндæр проекттæ идарддæр итингдæр кæнунбæл.

ЗОНУЙНАГ

### ÆФСÆДДОН ПРОКУРАТУРÆ ИГЪОСУН КÆНУЙ

Аци анз 6 апърелæй фæстæмæ æ тухи бацудæй «Уæрæсей Федераций Фæллойнадон кодексмæ æййивддзийнæдтæ бахæссуни туххæй» 70-аг федералон закъон.

Куд амунд си цæуй, уотемæй, сæрмагонд æфсæддон операций ка фæммард æй, кенæ, тугъдон цаути ветеран уогæй, ка фæммард æй, уони бийнойнæгтæ (кенæ идæдзæ нæлгоймæгтæ), дуккаг хатт лæгмæ ка нæбал æрцудæй (кенæ дуккаг бийнонтæ) кæд не 'скодтонцæ, уæд сæ кустдæттæг сæ кустæй рарвета, уæхæн барæ ин нæййес, адæймаг ци бон рамардæй, уомæй анз цалинмæ нæ рацæуа, уæдмæ.

Уой хæццæ, закъони ес хецæндзийнæдтæ дæр.

Зæгъæн, кустуат ихæлд ку 'рцæуа, кенæ хеамалгъон æ амалгъонадон кустæн кæрон ку искæна, кенæ косæг æнæ рæуонæй æ фæллойнадон ихæстæ æнхæст ку нæ кæна, кенæ кусти æгъдау ке ихалуй, уой туххæй æфхуæрд ку 'рцæуа, кенæ фæллойнадон бадзурд аразгæй, кустдæттæгæн мæнгæ гæгъæдитæ ку бавдеса, уæд уæхæн уавæрти амунд закъон адæймаги нæ багъæуай кæндзæнæй.

НÆ ФИДТÆЛТИ КАДÆ ÆМА НАМУСИ АККАГ НÆ ЛÆГДЗИЙНАДÆЙ КУД УÆН!..

# АРÆЗТ ЦÆУЙ ПОЛК

Зундгонд куд æй, уотемæй 58-аг æфсади бундорбæл идарддæр арæзт цæуй нæ номдзуд балхон Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр, æфсади инæлар **Плити Исси** номбæл полк.

Цæгатиристойнæгти ихæс æй сæрмагонд æфсæддон операций тæлми исæвзурæг ихæслæвæрдтæ æнхæст кæнунæн хъаурæгин æфсæддон еугонд исаразун. Полкмæ службæ кæнунмæ бацæуун ке фæндуй, уæхæн адæймæгутæ Цæгат æма Хонсар Иристони берæ ес. Уомæй уæлдай, цæгатиристойнаг паддзахадон службæгæнгути дæр фæндуй амунд полкки службæ кæнун, уомæн æма тугъди архайæг батальонтæ «Алани» æма «Шторм. Осетия» устур æскъуæлхтдзийнæдтæ 'вдесунцæ. Не 'фсæддонтæбæл бауæндæн ке ес, адæм уой зонунцæ.

Плити Исси номбæл полкки ка службæ кæна, еци дууæ мин адæймаги рацæудзæнæнцæ цæттæкæнуйнади сæрмагонд ахуртæ. Полкки еугур службæгæнгутæ ефтонггонд уодзæнæнцæ нуриккон техникон фæрæзнитæй. Полк еудадзугон уагæй æрбунæттон уодзæнæй Цæгат Иристони. Сæрмагонд æфсæддон операци ку фæууа, уæд æфсæддон службæгæнгутæн уодзæнæй идарддæр службæ кæнуни, кенæдта бабæй запаси рацæуни барæ.

Полкки командирæй исæвардтонцæ Цæгат Иристони Сæргълæууæг æма Хецауади Администраций разамонæг, батальон «Алани»-й фиццаг командир **Гобети Ибрагими**. Цæгат Иристони Сæргълæууæг æфсæддон хаййи арæзтадæмæ цæстæ даруй. Хæдзари бадуни бæсти æфсади службæ кæнунмæ ка цæуй, Иристон æ еци хъæболтæй сæрустур æй.



***историон рæстдзийнадæ багъæуай кæнуни, бæгъатæрти ном исæносон кæнуни туххæй æма ирæзгæ фæлтæри патриотон гъомбæлади нисани хæццæ исфедар кæнун гъæуй «Тугъдон намуси цæрæн бунат»-и кадгин ном æма ’й дæттун Устур Фидибæстон тугъди æнзти тугъд уæлдай карздæр кæми цудæй, æма адæм æгæрон бæгъатæрдзийнадæ кæми равдистонцæ, нæ республики еци цæрæн бунæттæн.***






# ТУГЪДОН ГЪУДДÆГУТИ – НОМДЗУД, ЦЪУХИ УАГÆЙ – ДЗУРДАРÆХСТ!..

***Зундгонд куд æй, уотемæй нæ бæсти гъæуайкæнуйнади министради æрцудæй зингæ æйийвддзийнæдтæ. Нæ зæрдæ дарæн, кæдимайди уой фæрци еци къабазæ фæгъгъомусгиндæр уа. Уотæ цæмæй рауайа, уой туххæй ба нæуæг разамонгутæ, æвæдзи, гъæуама испайда кæнонцæ нæ Фидибæсти номдзуд æфсæддон архайгути фæлтæрддзийнадæй. Цæмæй сæ бафæнзонцæ, е ба сæмæ адтæй – се ’фсæддон гъуддаги куд алæмæти искурдиадæгин адтæнцæ, уотæ арæхстгин адтæнцæ зундирахастæй дæр. Уомæн æвдесæн – номдзуд балхон Александр Суворови царди хабæрттæ, уонæй кæцидæрти мухур кæнæн.***

## ГЪАСТ

Еу афицери усæ æ лæгбæл Суворовмæ багъаст кодта:

– Мæ сæрихецау мæ еудадзугдæр æфхæрæгæ кæнуй.

– Е мæн гъуддаг нæй, – дзуапп ин равардта Суворов.

– Гъо, фал дæ фæсауоунмæ дæ фудкой дæр фæккæнуй.

– Е ба дæу гъуддаг нæй, хуарз усæ.

## ОРДЕНТИ УÆЗÆ

Суворов официалон хундтитæмæ ку цæуидæ, уæд æ ордентæ еугурейдæр æ реубæл бакæнидæ. Еуæхæни бабæй æй паддзахи галауанмæ байагурдтонцæ. Паддзахи æмдзæуинтти уоститæ цалдæремæй æ размæ бацудæнцæ æма ин сæ еу тæрегъæдгæнгæй ку зæгъидæ:

– Александр Васильевич! Уæхæн къæсхур уогæй уойбæрцæ уæргътæ куд фæразис? Уæззау дин нæ ’нцæ?

– Уæхæн уæззау æнцæ уæхæн, æма сæ уæ лæгтæй еу дæр не ’сфæраздзæнæй! – дзуапп равардта Суворов.

## ТÆССАГ ЗНАГ

Еуæхæни Суворов фæдздзурдта, æ цъухбæл хуæцун ка нæ зудта, уæхæн афицермæ.

– Еу тæссаг знаг дин ес, – загъта Суворов, цума ин устур сосæггаг хабар игъосун кодта, еци хузи. – Гъема дин дæ размæ устур цæлхдортæ æвæруй, еудадзуг дæ хъор кæнуй.

Афицер берæ фæссагъæстæ кодта, фал циуавæр знагбæл цæуй дзубанди, уой балæдæрун æ бон не ’ссæй. Уæд Суворов æ къахи фийтæбæл уæд еу къæразгæмæ бацæуидæ, уæд иннемæ. Фæйнердæмæ фегъуститæ кодта, уæдта афицермæ дæр уотæ гъузгæ æхе байста, æ фарсмæ æрлæудтæй æма ин æ гъоси дзоруй:

– Де ’взаг раласай! Мæнæ! Мæнæ айæ æй дæ цифуддæр знаг!..

## ÆНАРАЗИ АДÆЙМÆГУТИ ТУХХÆЙ

Еу хатт Суворовæн арази си ка нæ адтæй, уæхæн адæймаги кой кодтонцæ. Суворов дæр загъта:

– Ес уæхæн адæмихатт, æма син хуарз ка ракæнуй, е се ’знаг фестуй, уомæн æма уой хузæн исун æ бон нæ фæууй. Арв дæр зæнхæн устур хуæрзти бацæуй – æ хорæй æй батавуй, æ уаруни æртæхтæ ин цæрæн хуасæ фестунцæ. Зæнхæ ба ин цæмæй бафедуй æ дзæбæхтæ? Ругæй!..

* * *

Суворов дзубанди кодта Уæрæсей фæсарæйнаг гъуддæгути министр Ростопчини хæццæ. Министр æгæр дзурдмондаг разиндтæй, Суворов си истухстæй æма усæнги уаст никкодта. Ростопчин æвваст фæккуддæр æй, фæгъгъос æй. Уæд ин Суворов уотæ:

– Неци кæнуй, мæн уавæри ку уисæ, уæд ду ба ма хъуæдат кæнун дæр райдайисæ!..

## КОЗБАУГÆНÆГИ КУСТ

Сехуари рæстæг еу фæсарæйнаг инæлар Суворовæн цæстæмæ миутæ кæнунæй не ’нцадæй. Еугурдæр си истухстæнцæ. Исистунмæ куд гъавтонцæ, уотæ ма фингæмæ рахастонцæ, æгæр ка расугъдæй, уæхæн цихтгун. Хуæрун си неке бакумдта. Суворов си еу карст исиста æма загъта:

– Козбаугæнæги куст æнцонтæй нæй. Цихтгун фицун æма козбау кæнун еухузон æнцæ: къеребæл алцидæр гъæуама бæрцæй уа, уæдта фицгæ-фицун дæр имæ гъос дарун гъæуй, кенæ ба басодздзæнæй. Мæхе хуæруйнаггæнæг Мишкæн си æмбал нæййес – цæстæмæ миутæ кæнунмæ æгириддæр нæ арæхсуй.

## МУЗЫКИ ХÆЦЦÆ

Еу инæлар Суворовæн æ зæрдæ ралхæнуни фæндæй ку зæгъидæ, нæ музыкантти нимæдзæ, дан, фæммикъийдæр кæнæн, æфсадбæл ба, дан, бафтауæн.

– Нæ!.. – еци цæхгæрæй загъта фельдмаршæл. – Музыкæ гъæугæ кæнуй, пайда æй: æфсæддони зæрдæ си барохс уй, æ къахдзæф ин фæффедардæр, фæрразæнгарддæр кæнуй. Музыкæмæ игъосгæй тугъди нæ нифсбæл бафтуйуй. Зæронд лæг мæлæти дзæмбутæмæ æхе багæлдзуй, биццеу æ билтæй хъумуз расæрфуй æма зæронди фæсте рандæуй. Музыки фæрци, æфсад ци адтæй, дууæ-æртæ уæхæни фестуй! Æз Измаили федар музыки хæццæ байстон!..

## ÆГЪДАУ – ГЪУДДАГИ РАХУÆЦÆН

Суворов æфсади исæвардта федар æгъдау æма е ’мцæдесонтæй дæр уой агурдта. Гъема ин е ’мцæдесонтæй еу, австриаг æфсади командæгæнæг инæлар Мелас гъаст кодта, æфсæддонти зæрдæмæ, дан, нæ цæуй уæхæн карз æгъдау.

Суворов ин равардта дзуапп:

– Гъуди дæр сæ ма кæнæ!.. Испаний паддзах Филиппæн, цæмæй æ адæмбæл рунæ ма бафтудайдæ, уой тухххæй бардзурд равардта, цæмæй Мадриди медæгæ цидæриддæр бугъæ æма хъилма ес, уони уордигæй æнæгъæнæй дæр раласонцæ. Сахари адæм исмæстгун æнцæ, æма уæд паддзах загъта: «Атæ, æртайгæ ке фæккæнунцæ, æма сæ цъæхахстæй ка байдзаг кæнуй дуйне, уæхæн сабийтæй уæлдай нæ ’нцæ. Фал сæ ку ниртайунцæ, уæдта адгинæй фæффунæй кæнунцæ!..»

## АТАКИ

Еу хатт Суворов гусарти полкмæ бацудæй. Еу æригон гусар æ лолæ думдта æма тамакуй хъуæцæ æ сæрмæ цæгтæ-цæгтæй накæ кодта. Еци «кусти» уотæ арф ранигъулдæй, æма командæгæнæги æрбацуд не ’рæстæфтæй. Е ’мбæлттæ имæ исдзорунмæ гъавтонцæ, фал сæ Суворов нæ бауагъта, сабургæй син загъта:

– Ма ’й хъор кæнетæ... Уомæн нуртæккæ æ цæститæбæл ци гъазуй, уой зонетæ? Цума æ полк дзармадзанти хъуæци ранигъулдæй, æхуæдæг ба цума разæй атаки фæттæхуй.

## ФÆСТАГ ФÆДЗÆХСТ

Суворов мæлæти къахбæл ку нилlæудтæй, раст еци рæстæг имæ бабæрæг кæнунмæ æрбацудæй æ хуæрифурти лæг – æнæкелбет поэт граф Хвостов. Суворов ин уотæ:

– Митя, хуарз лæг ку дæ, байгъосай мæмæ. Æмдзæвгитæ ма финсæ... Кæд дин æнæ финсгæ нæййес, уæдта сæ ма уадзæ мухури. Хуцауæй корæгау ди корун...

## «ÆГÆР ХЪАЗАРБÆЛ МИН НИЛЛÆУДТÆЙ СУВОРОВ!..»

Къниаз Потемкин ницcæргаг æй Суворовбæл, цæмæй æй е сæхемæ бахудтайдæ æма ’й фæххинцтайдæ. Суворов си аллихузон ходæги дзубандитæй æхе тиллеф кодта, фал, адтæй нæ адтæй, уæддæр ин æхемæ хонгæ рауадæй, уой дæр æ берæнимæдзон фæсдзæуинтти хæццæ.

Суворов фæдздзурдта хуæрзарæхст метрдотель (æлдарон хæдзари хæдзаради фæткæдар) Матонемæ, кæци куста къниаз Потемкинмæ, æма ин баихæс кодта фургъæздуг фингæ бацæттæ кæнун, æхцабæл æгириддæр нæ ауæрдгæй. Æхецæн ба ин гъæуама æрцæттæ кодтайдæ цидæр къапеккити аргъ мархуайаг дууæ хуæруйнаги.

Фингæ, æцæгæйдæр, заманай хæппол рауадæй æма деси бафтудта Потемкинæн сауæнгæ æхе дæр ма. Еу иннемæй хъазардæр сæнтæ, экзотикон хуæруйнæгтæ, гъæцæнтæ, хуæрзрæсугъд адгийнæгтæ... Суворов æхуæдæг, нæфæразгæ дæн, зæгъгæ, исрæуонæ кæнгæй си еци хæппол хуæруйнæгтæй еунæгемæ дæр нæ бавналдта, æма æнæгъæнæ изæр «мийнасæ» кодта æ мархуайаг хуæруйнæгтæй.

Иннæ бон, метрдотель Суворовмæ хъæбæр устур хигъди гæгъæди ку ’рбахаста, уæд бафиста, ци хуæруйнæгтæ хуардта, айдагъдæр уонæбæл æма хигъди гæгъæдибæл æндæр неци бахуардтон, зæгъгæ, бафинсгæй, рарвиста ’й Потемкинмæ. Потемкин уайсахат бафиста ци гъудæй, уой, фал загъта:

– Æгæр хъазарбæл мин ниллæудтæй Суворов!..

## «ХУÆРЗЕУÆГ – МÆ ПЪИСÆРÆН!..»

Æцæг æфсæддонтæ, уой хæццæ ба тугъди комкоммæ ка архайдта, етæ ’й хуарз зонунцæ, тугъдон хуæрзеугутæ хаттæй-хатт лæвæрд ке ’рцæунцæ уони аккаг æгириддæр ка нæ фæууй, уонæн: штабти пъисæртæн, хуæлци хабæрттæгæнгутæн æма æндæр уæхæн фæскъилдуни урутæн.

Басæттæн кæмæн нæ адтæн уой размæ, уой Суворов ку байста, уæд уæлдæр æфсæддон разамонгутæ ракъахтонцæ дзубанди, уæлдай хъæбæрдæр ка фескъæлхтæй, уони Георгий дзиуæрттæй исхуарзæнхæ кæнуни тухххæй. Æма сæ фельдмаршæли баръæвдауни фæндæй æ рази таустæ кæнун байдæдтонцæ, гъома, Суворов æхуæдæг хуæрзеуæги аккаг æй. Уæд син е дæр, еугурей рази, æнай-æнойти уотæ ку зæгъидæ, гъома, æ разæй хуæрзеуæги аккаг æй æ пъисæр Иван Курис:

– Е мæмæ штаби пъисæр æй æма хъæбæр бæгъатæрæй бафинста: «Идти на штурм!..» Æз ба ци? Æз си айдагъдæр мæ къохæвæрд бафинстон...

***Нæ номдзуд æмзæнхон балхон, Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр, Манголи Адæмон Республики Бæгъатæр, æфсади инæлар Плити Исси бюст æвæрд æрцæудзæнæй Волгогради Советон районы. Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Волгогради тугъди разамунд ци гвардион***



# «ФÆЦЦÆУН АТАКИ!..»



**ДЗАДТИАТИ Тотурбег,**
(1910-1984)
финсæг

***Нæ номдзуд æмзæнхон, æхсаргин денгизон, Советон Цæдеси Бæгъатæр Къесати Николайи фурт Астани цардвæндаги туххæй нæ газети амæй размæ дæр мухур кодтан аллихузон æрмæгутæ. Абони ба уæ зонгæ кæнæн, зундгонд финсæг Дзадтиати Тотурбег кæддæр Къесай-фурти туххæй ци документалон уацау «Фæццæун атаки!..» ниффинста, уомæй хецæн скъуддзæгти хæццæ.***

* * *

## КЪЕСАТÆЙ СÆ ИУАЗГУТÆ АЛКÆДДÆР БОЗ УИУОНЦÆ.

Денгизон афицер Къесати Астани фатери 1941 анзи июни еу фæлладуадзæн бони бамбурд æнцæ е ’фсæддон æмбæлттæ æма зонгитæ. Сæ бабадт уоййасæбæл зæрдæхцæуæн раудæй æма дзæвгарæ рахаста. Куд иннæ хæттити, уотæ иуазгутæ сæ фусунтæй гъæстаг нæ фæцæнцæ. Валя, хуæрз æригон æфсийнæ æма хуæрз æригон мадæ æ фиццаг бæдоли номбæл фингæвæрд зæрдиагæй бацæттæ кодта. Æ райгурæн Киристонгъæуæй кæд идард адтæй, уæддæр фингæбæл æрæвардта æртæ къерей, сонгун фидгунтæ, карки фид, фезонгутæ, аллихузи конд салаттæ, æвзаргæ сæнтæ... Астанæй æруагæс дæр нæ бакодтайдæ, æ бийнойнаг уæхæн арæхстгин æй, е, æхе рази ку не ’рцæттæ кодтайдæ бæркадгин фингæ, уæд...

Иуазгути хестæр, Испаний фашистти нихмæ тугъди бæгъатæр, Советон Цæдеси Бæгъатæр Бурмистров фингæвæрдмæ бакастæй æма зæрдиагæй загъта:

– Мæнæ дессаг! Рæсугъд силгоймæгтæ куд нæ фæууидтон. Фал æрдхуæрæни рæсугъд Валя уæхæн фингæ æрцæттæ кæндзæнæй, уой æнгъæл некæд адтæн. Амондгун дæ, Астан, устур амондгун, уæхæн бийнойнаг кæмæн ес!

Афицер авдæнæй исиста тумбулдзæсгон сабийи æма ’й æ дууæ къохемæй хæрдмæ исдардта:

– Æ фидæй къæрт дæр нæ гæлдзуй! Цæруйнаг игурд æй, цæруйнаг!.. Æ ном куд æй?

– Славик, – иуазæг сæ æгæр ке ’студта, уой туххæй æфсæрмигæнгæй, дзуапп равардтонцæ æригон мадæ æма фидæ. Фал 1-аг ранги капитан, æнæхийнæ, раст æма фæлмæнзæрдæ Бурмистров дзæгъæли хумæтæги некæд дзурдта. Æцæгæйдæр амондгун адтæнцæ Астан æма Валя.

1937 анзи фæззæги Астан каст фæцæй Ленингради М.В. Фрунзей номбæл Æфсæддон-Денгизон уæлдæр скъола æма æрвист æрцудæй Севастополмæ, Сау денгизи флоти службæ кæнунмæ. Дæлдондзæуæг афицери куст кæнун Астан райдæдта лодки еу хай – БЧ-1 командирæй. Уой фæсте каст фæцæй Дæлдондзæуæг афицерти сæрмагонд къурситæ æма ’й иснисан кодтонцæ Дæлдондзæуæг агъазиау науæ Щ-206 командири хестæр агъазгæнæгæй. 1941 анзи мартъий ба иссæй науи командир... Еци хуцаубони æмгæрттæ æрæмбурд æнцæ Астани хæдзарæмæ æ фурт Славикки игурæн бони фæдбæл æма сæ уолæфт уагътонцæ еумæ. Дуккаг кувди фæсте æригон афицертæ, тугъд ка нæма фæууидта, етæ зæрдиагæй игъустонцæ Бурмистрови дзубандимæ. Е фæууидта, Испаний демократон республикæмæ фашисттæ куд балæбурдтонцæ æма дуйнеуон дуккаг тугъд куд ракъахтонцæ, уой. Афицертæ сæ еугур дæр лæдæрдтæнцæ, немуцаг фашистти фюрер Гитлер æма итайлаг дюче Муссолини Европи еугур капиталистон бæстити ранихъуæрдæй ке нæ бафсæддзæнæнцæ, уой. Гитлер, кæд Советон Цæдеси хæццæ кæрæдзей нихмæ не ’стохунбæл бардзурд исаразтонцæ, уæддæр ибæл æууæнкæ нæ адтæй; берæгъ æ кæнон æрдæгбæл нæ уадзуй! Бæрæг адтæй, фашисттæ – демократий цифуддæр знæгтæ – социализми бæстæй сæ уодхæссæг ке уинунцæ æма Советон Цæдесмæ ке æрбампурсдзæнæнцæ, е. Фал кæци рæстæг, кæци бон ниггупп кæндзæнæй тугъди цæхæр нæ арæнбæл, дзубанди нуртæккæ цудæй уой фæдбæл.

## ÆМА ЕЦИ-ЕУ БОНБÆЛ СÆ ЦАРДИУАГÆ ТУГЪДОН ФЕСТАДÆЙ...

Афицертæн сæ гъудий кæрони дæр некæмæн адтæй, еумæ ма фæстаг æнæтугъд æхсæвæ бадунцæ, е. Æруагæс дæр си некæмæй кодта, тугъд, раздæр, æнæ раседгæй, райдайдзæнæй, е.

Астани иуазгутæ игъæлдзæгæй фæббадтæнцæ фæсæмбесæхсæвæмæ, уæдта фæххæлеу æнцæ.

Иуазгути фæсте дæр ма Астан æрæгæмæ бафунæй æй. Циуавæрдæр гъудитæ имæ хæстæг нæ уагътонцæ хуссæг... Еугур капиталистон Европæбæл Гитлери æфсад æхе æртухта хелаги хузæн. Сæрустур æма æнæсæрфат Францій, бæгъатæр æма сæребарæуарзагæ Югославий, цитгин Чехословакий, сæребарæуарзагæ Болгарий, гæвзукк Румыний æма Польший, Австрий æма Венгрий, Финляндий æма Норвегий – Гитлери диктатурæ...

Тугъд, Устур тугъд цард æма мæлæтбæл! Цæбæл рахецæн уодзæнæй адæми карнæ? Абони уа, исон уа, Советон гæрзефтонг тухтæн уæхæн тугъди æнæ бацæугæ нæййес... Æма куд цæттæ æй нæ бæстæ? Уæхæн тумугъи нихмæ æрлæуун æ бон бауодзæнæй?... Астан ба си ци бунат æрахæсдзæнæй? Тугъди тумугъ кумæ фæххæсдзæнæй Славик æма иннæ сабийти?..

Астан сæумæй æгæр æрæгæмæ исистадæй æма тагъд кодта заводмæ. Хуцаубон æй, фал завод гъæуама коса, гъæуама архайа донибунти цæуæг науæ аразунадæ фæттагъддæр кæнунбæл.

– Валя, дæхе ме ’рбацудмæ цæттæ дарæ, – нæхстæр кæнгæй, загъта Астан, – тæвдæ бон уодзæнæй æма Славикки еумæ Днепри билæмæ фæххæсдзинан, нæхуæдтæ дæр нæхе райерхæфсдзинан.

– Ма байрæги кæнæ, мадта! – исдзурдта имæ Валя æма æ бæдолæбæл цийнæ кæнунбæл фæцæй.

Фал Астан нæ бахъæрдтæй заводмæ. Устур гъæунги радиорепродуктори рази лæугæй рауидта берæ адæм. «Ци æй, циуавæр æхцæуæн хабæрттæ дзорунцæ радиойæй?» – рагъуди кодта Астан æхенимæр æма байгъуста.

Тугъд... Немуцаг-фашистон æрдонгтæ гадзирахаттæй æрбампурстонцæ нæ Фидибæстæмæ... Советон Цæдеси арæнтæбæл тугъд райеудагъ æй Мурманскæй сауæнгæ Сау денгизи уæнгæ...

Астан фæстæмæ фездахтæй сæхемæ æма загъта:

– Валя, нæхемæ, Кавказмæ!.. Тугъд уордæмæ не ’схъæртдзæнæй, æма багъæуай кæнæ Славикки, дæхе, уæдта фæккæсæ зæрæндтæмæ дæр...

– Нæ... Ду кæми уай, Астан, æз дæр гъæуама уоми уон, – æ фуртухстæй кæугæ дæр ма искодта Валя.

– Æз – Сау денгизи арфи!.. Æма анздзуд Славиккæй дæр матрос кæнис? – æ медбилти æнæбари бахудтæй Астан. – Зонун æй, нæ кæрæдземæй фæххецæн ун æнцон нæй, фал тугъд райдæдта!.. Тугъд ба цæстисугтæ нæ лæдæруй, уæдта имæ нимади дæр нæ ’нцæ!.. Федарддзийнадæ, фæразондзийнадæ æма бæгъатæрдзийнадæ! Уæхæн хъаурæ кæмæ нæ разинна, е тугъди карзи фесæфдзæнæй дони æртæхи хузæн!.. Славикки хæццæ уæхе рацæттæ кæнетæ æма цотæ Киристонгъæумæ, нанай гъæбесмæ... Кæмифæнди ку уайтæ, уæддæр, зонетæ ’й, мæ зæрдæ уæ хæццæ уодзæнæй!..

Къуæре дæр нæма рацудæй тугъди райдайæнæй, уотæ немуцаг хуæдтæхгутæ фæззиндтæнцæ наутæаразæн заводи сæрмæ. Денгизон минитæ ехуарди хузæн калун байдæдтонцæ Николаевæй рацæуæнти-Днепр-Буги лимани.

Уæхæн уавæр исæвзурдæй, æма цæттæ ка нæма адтæй, еци наутæ æвæстеуатæй ракæнун гъудæй Севастопольмæ. Уогæ гъуддаг айдагъ тугъдон наутæ фæййервæзун кæнунбæл нæ адтæй: заводи æма сахари специалисттæй еунæгей дæр ниууадзæн нæ адтæй знаги къохти. Уæхæн бардзурд адтæй разамундæй. Æма наутæ идзаг адтæнцæ эвакуаций цæуæг адæмæй. Астани лодки хатæнти фезмæлæн нæ адтæй.

Æртæ æмхузон лодки æма цалдæр æндæрхузон науи æхсæвигон рараст æнцæ Николаеви верфийæй. Сæ разæй гурæйгурæмæ скъардтонцæ зæронд баржити. Сæ буни, дони хурфи римæхст адтæнцæ магнитон æма денгизилæууæг минитæ. Уæлдай гур-гур кодтонцæ знаги хуæдтæхгутæ æма фарватербæл калдтонцæ бомбитæ. Лимани билгæрæнттæй наути æхстонцæ фашистти дзармадзантæ.

Мæйдар æхсæвæ ракетити рохс, бомбити æма содзгæй тæхæг нæмгути цæхæрæй адтæй цидæр æнахур, æнæрцæугæ фудфуни хузæн. Дони билгæрæнттæй ба топпитæй æхстонцæ æфсæддонтæ æма рохсгæнæг нæмгути хæлттæ игъустонцæ лодки æндон фæрстæбæл. Фиццаг хатт ка фæууидта еци æбуалгъ «рæсугъд» тугъд, уони зæрдитæ куд не ’скъудæнцæ мæстæй æма тæссæй! Уомæй фуддæр ба адтæй æндæр нивæ: разæйцæуæг баржитæй еске минæбæл ку исæмбæлидæ, уæд фæркгай уæлдæфи ниппурхæ уидæ. Мини нæрунæй гъостæ къуру кодтонцæ, иуæнгтæ ба нимпулиуонцæ, нуртæккæ мах лодки дæр ку фехæла уæхæн минæ, уæд ни нецибал байзайдзæнæй, зæгъгæ, тарстæнцæ адæм.

## ЗИНДОНÆЙ РАЙЕРВÆЗУН БА АМОНДБÆЛ КУД НÆ НИМАДТАЙУОНЦÆ!..

Аци зиндонæй ма денгизи урухмæ сæрæгасæй райервæзæ! Дзæвгарæ фенцондæр уидæ: тральщиктæ цæуиуонцæ разæй æма едзиуонцæ минитæ, знаги дзармадзанти нæмгутæ дæр уони уæнгæ нæбал хъæртиуонцæ. Фал денгизи дæр фашистти хъаурæгин авиаци æма Дæлдондзæуæг лодкитæй баримæхсæн нæййес: нæуæг, æрдæгарæзт лодкити хуæздæр фадуат – дони арф ранигъулун æй æма син уомæн нуртæккæ гæнæн нæма нæййес. Фал уоми, урух денгизи лимани хузæн нæй: фезмæлæнтæ – парахат.

**Не ’мзæнхон искурдиадæгин æфсæддон архайæг, инæлар-майор Рогов Александр Виктори фурти райгурдбæл 22 сентябри æнхæст кæнуй финддæс æма æртинсæй анзи (1949-1996). Байвардтонцæ ’й Дзæуæгигъæуи Намуси Аллейи.**

*бæхæфсадгин корпусæн лæвардта, е хъæбæр æхсаргинæй фескъуæлхтæй. Æма ин æ уæди хъазауатон фæллæнттæн аккаг аргъ кæнгæй, аци намусгин сахари разамунд рахастонцæ унаффæ, æ ном си кæци гъæунгæ хæссуй, уоми ин æ бюст ниввæруни туххæй.*



Уæхæн уавæри Астани «Малютка» адтæй флагман – разæй цæуæг. Æ тугъдон тухæ – æртæ пулемети æма дууæ минкъий дзармадзани, нæма имæ адтæй æ устурдæр тохæнгарз – торпедитæ. Севастопольмæ ба цудæй сæрисæфæн надбæл...

Фæцæнцæ лодкæ хуæцунмæ цæттæгæнæн æнæнцойнæ бæнттæ, фæцæнцæ, фæцæнцæ се ’мгъудæй берæ раздæр. Денгизмæ позицимæ рарасти бон ралæудтæй. Лодки тугъдон цæттæдзийнадæ равзарæн ес айдагъдæр уоми.

## «ЗНАГИ «ФУЙЙÆЙ» МАХÆЙ НЕКЕ ТÆРСУЙ!..»

Астани лодкæ рандæй денгизмæ хецæнæй æ фиццаг тугъдон операцимæ. Амунд ин ци квадрат адтæй, уоми æрлæудтæй.

«Æрлæудтæй», зæгъæ, е бустæги раст нæй: зилдæй бонæ æ квадрати дони бунти, æхсæвæ ба – сæрæй, уотемæй экипаж бæлдтæй знаги наутæбæл фембæлунмæ. Лодки адтæй дивизий командир дæр. Агурдтонцæ знаги еу бон, æхсæвæ, дуккаг бон, дуккаг æхсæвæ... Торпедитæ сæ аппарати лæудтæнцæ æхсун æрвонгæй. Фал бал раздæр иссерун гъудæй знаги, е æй нур сæйрагдæр ихæс.

«Сæрдигон хорбон. Денгиз – сабур, æнцад... Ци хуарз рæстæг æй атакæн!» – гъуди кодта Астан, дони лигъз фæтæнмæ перископæй кæсгæй.

– Æмбал командир – уинун дони сæрæй хъуæцæ! – цийнæгæнгæй исдзурдта Астан æ хестæрмæ æма æ галеу цæстæ хъæбæрдæр нитътъæпæн æй перископи авгæбæл.

– Æцæгæй зæгъис? – перископи кæсæнбæл æхе ниццавта комдив.

– Нæ рæдуйун! Курсовой... Махæй дууæ-æртæмæ мили идарддæр билгæрон ’рдæмæ...

– Раст зæгъис, командир! Дæхе цæттæ кæнæ атакæмæ! – загъта комдив, перископи кæсæнæй еуварс æрлæугæй æма Астани архайдмæ кастæй. Æригон командири фиццаг атакæ – æ цæттæдзийнадæ æма арæхстдзийнадæн æвдесæн. Ести раст ку нæ кæна, естæмæй ку рæдуйа, – хестæри ихæс – рæдуд афойнадæбæл исраст кæнун. Леонид Хиянин – Дæлдондзæуæг лодкити дивизиони командир – адтæй фæлтæрд афицер æма ибæл Астан æууæндтæй.

– Хъуæцæ уинун æртæ рауæнеми, – загъта е хестæрæн, цæстæ кæсæнæй нæ есгæй æма æ тухстдзийнадæ римæхсгæй.

– Гъо, æртæ науи! Тугъдон наутæ... Сæ хъуæцæй бæрæг æй, – сабурæй загъта комдив Хиянин, перископæй ракæсгæй.

– Лодкæ æрцæттæ кæнетæ тугъдмæ! – бардзурд равардта командир хестæр агъазгæнæгæн æма бабæй кастæй перископæй. Е бардзурд ралæвардта идарддæр æма лодки хецæн хæйттæй фæстæмæ дзуапп лæвардтонцæ хайæдти командиртæ:

– Дизелтæ цæттæ ’нцæ тугъдмæ!

– Торпедити хайадæ цæттæ ’й тугъдмæ!

– Электрон хайадæ цæттæ ’й тугъдмæ!..

– Æмбал комдив, уинун æртæ эсминеци... Цæунцæ кæрæдзей фæдбæл – кильватерон колоннæй, – фегъосун кодта Астан æма хестæр агъазгæнæг лæвардта бæрæггæнæнтæ.

– Еу лодкæ «Малютка»! æртæ эсминеци нихмæ, – æгæр тæссаг æй уавæр, – æхенимæр дзоруни хузи загъта командир:

– Нæхе нин ку ниффу кæнонцæ, уомæй нæ тæрсис? – æ гъоси ин бадзурдта комдив, дзубанди экипажæй куд неке фегъустайдæ, уотæ.

– Нæ, «ниффуйæй» ка фæттæрса, аци лодки уæхæн нæйæс! Цалдæр мæйи нæ билицъæрттæ ку хуæрæн знаги хæццæ фембæлунмæ, – æ гъоси ин бадзурдта Астан дæр.

Астан фестадæй хъаури къубулойнæ: æ фезмæлд, æ рахасдæнцæ кæрæдземæ. Астан ма перископæй знаги матростæ æма вахти лæуууæг афицерти дæр уидта. Фал Хиянин куддæр бардзурд равардта, лодкæ атакæмæ æхе разелæд, торпедитæ фехсун æрвонг уæнтæ, зæгъгæ, уотæ гъостæбæл рауадæй лодки æндон губуни хæр-хæр денгизи буни къæдзæхбæл. Уæдмæ командæгæнæн пунктмæ æрбайгъустæнцæ зæрддзæфгæнæн дзурдтæ: «Лодкæ æрæнцадæй зæнхæбæл».

Командир æма экипаж уодуæлдайæй архайдтонцæ уой æ бунатæй тагъддæр фезмæлун кæнунбæл, атакæмæ разелунбæл, фал син нæбал бакумдта æ бунатæй фезмæлун кæнун. «Балласт рауадзон, уотемæй уæлдонмæ исхезон æма атаки æргомæй бацæуон», – зæгъгæ, рагъуди кодта Астан. Фал уой гæнæн дæр нæ адтæй. Уомæн, æма карз бардзурд лæвæрд адтæй флоти командæгæнæгæй, лодкитæ æргомæй атаки куд нæ цæуонцæ, уой туххæй. Уæдта æртæ хъаурæгин, лодкæй беræбæл лæугæй ке не ’рæстæфтæнцæ, уой туххæй...

Фал Астани маст уомæй нæ фæмминкъийдæр æй. «Æ ходуйнаг, æ ходуйнаг», – гъуди кодта æригон командир, æ масти дзæкъолæ фæйнердæмæ рæдувта, уотемæй. Фæкъкъулумпи æй фиццаг атакæ.

Еу рæстæг фашистти командæгæнгутæ исæфтбæл банимадтонцæ Сау денгизи советон флот, денгиз нур нæхе æй, зæгъгæ, дзурдтонцæ æма сæ наутæ уадзун байдæдтонцæ минкъий гъæуайгæнæг хъаурити хæццæ.

## «УÆЛАХЕЗ!.. СÆ ЦИЙНÆ МА СИН КА БАУОРАДТАЙДÆ!..»

Астан æ фиццаг атаки кефæкъкъулумпи æй, е ин зунди хуасæ фæцæй æма æ нæуæг операцитæмæ лæмбунæгдæр цæттæ кодта æхе æма экипажи дæр. Ци райони цудæй, уой æууæлтæ лæмбунæг исахур кодта, думгæ кæцирдигæй æма куд фæццæуй, сауæнгæ ма уой



КЪЕСАТИ Астан (галеуæрдигæй дуккаг) æ тугъдон æмбæлтти ’хсæн.

тдзийнадæ уотæ амудта, цума уæлахездзийнадæбæл æ къохтæй федар хуæстæй. Фал зæрди гупп-гупп реуи нæбал цудæй, тоги змæлд сæрмæ цавта: уæлахездзийнадæ цума дельфин адтæй æма нуртæккæ æ къохти астæуæй расуффут кæндзæнæй æма дони рафардæг уодзæнæй, уотæ имæ кастæй. Цæмæн, уой ба æхуæдæг дæр нæма лæдæрдтæй.

Знаги эсминецтæ сæ рази лодкæ ес, уой куд нæ бафеппайдтайуонцæ! Нуртæккæ е адтæй сæйрагдæр. Фал сæхе æгæр хестæг баластонцæ билгæронмæ.

## «БАБУХСУН ГЪÆУЙ, ИННÆ ХАТТ УИН УОДЗÆНÆЙ ЗУНДИ ХУАСÆ!..»

Уой уидта Астан æма катай фæфффулдæр æй: «Дзæгъæли хумæтæги нæ хæссунцæ сæхе билгæрæнттæбæл!» – æхенимæр рагъуди кодта командир, æ тæрнихи хед расæрфгæй, инод адтæй лодки хурфи дони буни, хъæбæр инод, æма акустикти рафарста: «Цæй æрфæн ан?»

Эсминецтæ æрбахæстæг æнцæ 6-8 кабелтови бæрцæ, атакæмæ лодкæ адтæй разелуни æрвонг. Никки хæстæгдæр бацутагъддæр цæуæг æма хуæцæнгарзæй хуæрзефтонг науи æмгуппæй лодки ку ницъцавтайуонцæ, уæд æ торпедитæ рауадзунæй раздæр ниппурх адтайуонцæ. Уæхæн уавæрти е адтайдæ æнæзунд миуæ, экипаж æма лодки исæфт бустæги дзæгъæли. Æртæ эсминеци, агоргæ æма æнæерге амæттæгтæ, рахизтæнцæ лодки сæрти, цума ами æ кой дæр нæ адтæй, уотæ.

Æма, дан, мæстæй ма раскъунæ уæхæн минутти: тугъди тæккæ цирени знаг дæ фиййи бунæй райервæзæд!

Рæдуд уайтæккæ рабæрæг кодта комдив æхуæдæг: карти куд амунд адтæй, уомæй берæ уæлæнгайдæр разиндтæй донибуни къæдзæх. Етæ дони арф нимадтонцæ картæмæ гæсгæ æма сæбæл рæдуд æруагъта æрфæнбæрæггæнæн картæ.

Командир æма экипажи маст фæмминкъийдæр кæнуни туххæй комдив загъта:

– Мæстаг æй, устур мæстаг, фал еу æма дууебæл не ’рцудæй уæхæн бæлах. Картæ нæ фæссайдта, картæ... Бабухсун гъæуй, дуккаг хатмæ уин уодзæнæй зунди хуасæ... Уæ амондæн коветæ, эсминецтæ уæ хурæдæр. Уæдмæ фæхъхъаурæгиндæр æй саудензгизон лодкити флоти фæлтæрддзийнадæ дæр. Астани æмбæлттæ – Грешилов æма Иоселианийи фиццаг уæлахездзийнæдтæ фæннифсгундæр кодтонцæ Дæлдондзæуæг афицерти, ахур син кодтонцæ сæ фæлтæрддзийнадæбæл.

Цалдæр бони ба Астан адтæй денгизи, æ позиций.

Тугъдон Æфсати раскъардта Астани риндзæбæл «саг». Адтæй еунæг. Æцæгæй æ разæй тахтæй сгарæг хуæдтæхæг æма дони бунмæ уомæй хъæбæр тас нæ адтæй. Денгиз адтæй сабур, арв мегътæй æмбæрзт æма авиаци идардмæ уидта. Астан бацийнæ кодта æ амæттагбæл.

«Амæй уæддæр исесдзæнæн мæ маст, эсминецтæ мæнмæ ци маст бауагътонцæ, уой», – рагъуди кодта æма бардзурд равардта атаки бацæунмæ бацæттæ кæнуни туххæй.

Алкедæр си æ бунат æрахæстæ æма цурд архайдта.

«Малюткæ» æхе бауагъта знаги науæбæл æма, гъе нур торпедитæ лодки аппаратæй рагæпп кæнунмæ гъавунцæ, уотæ еу науæ æ къурсæй фæззилдæй ку рахесæрдæмæ, ку галеуæрдæмæ, – æхе радавæ-бадавæ кодта тарст хелаги хузæн.

Дууæ сахаттей бæрцæ фæрратæрæ-батæрæ кодта æма фæгъгъавта командир знаги нау фæддæлдон кæнунмæ. Фал не ’фтудæй æ къохи. Лодки ба дууæ торпедæй æндæр нæ адтæй. Уони рауагътонцæ æма не ’сæргъавтонцæ знаги науæ, зæгъгæ, уæд – дууæ мардæрцуди фæдфæди: знаг райервæздзæнæй æма хуæрз дзæгъæли фесæфдзæнæй зинг кæнæн тохæнгарз.

Науи сæрмæ фæззиндтæй æма арви зелдохтæ кодта æ гъæуайгæнæг. Е фæццурддæр кодта атакæ: «Малютки» дууæ торпеди æмгæпп ракодтонцæ аппараттæй æма сæ уорсбун фæд рандæй нисанмæ. Астан гурусхæ нæ кодта æ нигъгъавдбæл, раст исараста торпедити сæ нисанмæ æма сæмæ кастæй перископæй. Хуæдтæхæг дæр æ бомбитæ калдта «Малютка»бæл. Фал Астани нуртæккæ е не ’ндавта. «Торпедитæ куд æрæгæмæ ихæлунцæ», – куд рагъуди кодта, уотæ лодки æндон фæрстæ низзир-зир кодтонцæ дууæ хъаурæгин исрæмугъдемæй. Немуцаг нау æнахъæл бæхи хузæн æ фæстæгутæбæл æрлæудтæй æма æ къембур хердмæ нихъхъел кодта. Матростæ цалинмæ донмæ сæхе гæлстонцæ, уæдмæ ма науи бунати райзадæй айдагъдæр æнгъезгæ уæрмæ. «Малютки» хатæнтæмæ райгъустæй цийни хабар: «Уæлахез! Уæлахез!»

– Гъо, уæлахез! Фиццаг уæлахез!

Лодкæ «М-117» фæддæлдон кодта фашистти денгизон пираттæй еуей... Матростæ, старшинатæ, афицертæ, арфæ уин кæнун нæ фиццаг уæлахези туххæй! Хъæбæр хуарз архайдтайтæ уæ еугур дæр, мæ хъазар æмбæлттæ, æма уин уой туххæй арфæ кæнун! Æгас цæуæд советон тугъдон тухти уæлахези бон! – райарфæ кодта Астан командæн, перископи кæсæнæй цæстингас нæ есгæй. Лодки хатæнтæй игъустæй «Ур-рр-а!» Кæд уотæ кæнун не ’нгъизтæй дони буни уогæй, уæддæр ма син ка уорæдта сæ цийнæ!

## ЗНАГÆЙ ГЪÆУАМА АЦЪАГЪУÆГИНДÆР РАЗИННАЙ...

Астани фæндадтæй уæлдонмæ исхезун, æма, ци нау фæддæлдон кодтонцæ, уой матрости уацари райсун: уидта сæ перископæй, хæстæг имæ адтæнцæ, архайдтонцæ сæхе фæййервæзун кæнунбæл. Фал е æгæр тæссаг операци адтæй лодкæн æма æ командæн дæр: гъæуайгæнæг хуæдтæхæгмæ бомбитæ нæбал адтæй, фал уæддæр æ хуали кæмæн æрхауй, уæхæн хъæрцигъай хузæн лодки сæрмæ разелæ-базелæ кодта. Цæмæн, уой Астан лæдæрдтæй: тæхæг фæсседтæй е ’мбæлттæмæ æма лодки нихмæ тохæг катертæмæ. Тагъд фембæлдзæнæнцæ етæ сæ науи уæлгъос æма исхуæцдзæнæнцæ лодкæбæл.

Командир æруагъта перископ. Лодкæ дони арфдæр рандæй æма е ’ргом исараста базæмæ...

*Уодзæнæй ма*

**Дæс æма авдинсæй анзæй размæ (1954 анзи 25 сентябри) Хъиримаг тугъди (1853-1856) рæстæг райдæдта сахар Севастополи бæгъатæр гъæуайкæнуйнадæ – фæццудæй 349 бони, 1855 анзи 8 сентябри уæнгæ.**

*☺ Вчера вечером была задержана преступная группировка, пытавшаяся контрабандой провезти через границу крупную партию фальшивых стодолларовых евро.*

*☺ Мужчина пришел в детский сад за ребенком, а там тихий час. Он сидит в коридоре, ждет.*
*Мимо проходит воспитательница:*
*– Вы ждете ребенка?*
*– Нет, я просто толстый!*

* * *

*☺ Вчера так напился, что ничего не помню. Но самое обидное – не помню, чтобы пил.*

## АНЗИ АФÆНТТÆЙ АЛКÆЦИДÆР ÆХЕ ХÆРЗТÆ АГОРУЙ...



# ФÆЗЗИГОН ХОР БАУÆРÆН ÆХЦÆУÆН ÆЙ...

Анзи алли афонæ дæр е ’рдзон хецæндзийнадтæй зæрдæхцæуæн фæуүй адæймагæн. Æма дæ уæд фæззæг ба цæмæйти барæвдауй? Кæд дæ уой базонун фæндуй, уæд лæмбунæг бакæсæ мæнæ дæлдæр ци фарстатæ мухур кæнæн, уони. Расагъæс кæнæ æма сæбæл, æцæгæй куд сагъæс кæнис, уæхæн дзуæппитæ раттæ. Аразий алли дзуаппæн дæр дæхецæн банимайæ 2 балли, æнаразий дзуаппæн ба – 0 балли.

1. Бонæй-бонмæ дин сæумæй зиндæр истæн фæуүй?
2. Æлхий æрфуг адæмбæл фæстаг рæстæгути ахиддæр æмбæлæн, зæгъæ, уæхæн гъудий хæццæ арази дæ?
3. Еунæгæй дæ сабур рауæн рабадун ахид фæффæндуй?
4. Бæлæстæй ци сифтæр æрхауй, етæ дæмæ æррæстæ бугъæ кæсунцæ?
5. Гъæунгæмæ æстæндæр хатт рацæуис?
6. Ахид фæллайун райдæдтай?
7. Гъар уæледарæс дæбæл уогæй ахид ехæн кæнис?
8. Фæстаг рæстæг фулдæр хуæрун райдæдтай æви æстæндæр?
9. Уалдзæги хæццæ рабаргæй, фæззæги дæ нисантæ дин зиндæр æнхæстгæнæн фæуунцæ?
10. Уотид сæлфунæгмæ дæр æрмæттъæл уис?
11. Зонтик есун дæ ке гъæуй, уой дин дæ фæттасæнти рист дæ зæрдæбæл не ’рлæууун кæнуй?
12. Фæззæги дæмæ спортæй архайун фæццæуй?
13. Дарæсæй дæ уæле ци искæнай, уæхæнæй дин неци ес, зæгъгæ, гъуди дæмæ ахид æрцæуй?
14. Хæдзари кустæгутæй бауæрæ дæ?
15. Цардиуаги фæдбæл гъудитæ дæмæ ахид фæззиннунцæ?
16. Фæззæг цъумур къахидарæси бæрæггæнæн æй?
17. Хори гъар дæ фæззæги ахиддæр гъæун райдайуй?
18. Раздæр дин æхцæуæндзийнадæ ци гъуддæгутæ хастонцæ, етæ ма дин уæхæн цийнадæ хæссунцæ?
19. Уарзон рахастдзийнæдтæ фæззæги зиндæр аразæн æнцæ?
20. Фæззæги дæбæл незтæ ахиддæр искарз унцæ?

**ÆФТАУЕТÆ УÆ БАЛЛТÆ ÆМА СИ ХАТДЗÆГТÆ ИСКÆНЕТÆ**

**0-10 Балли.** Æвæдзи, дæ уæлбауæр фæззæги рæстæги æййивддзийнадтæбæл æнцонтæй райахур æй. Идарддæр дæр архайис еци фæткæбæл цæрунбæл. Уомæн ба дин фæййагъаз уодзæнæй бони фæткæ раст æнхæст кæнун æма пайдахæссæг хуæруйнаг. Гъæнæн ку уа, уæд дæхе æгæр ма фæллайун кæнæ æма æваст хабæрттæй гъæуай кæнæ дæ зæрдæ.

**12-24 балли.** Дæ бони фæткæ кæмидæрти фендæрхузон æй. Æма е анзи афæнтти æййивддзийнади фуд нæй. Расагъæс кæнæ, дæ цард куд аразт æй, уобæл. Иссерæ еуцæйбæрцæдæр рæстæг бассейни дæхе æртайунæн кенæ спортивон залмæ цæунæн. Кæд дин уæхæн гæнæнтæ нæййес, уæдта уæддæр сæумæй зарядкæ искæнæ. Цард – æзмæлунæй арæзт ке ’й, е ди ирон ма уæд. Æрдзи гъæбесмæ ахиддæр цо.

**26-40 балли.** Кæд баллтæ раст исæвардтай дæхецæн, уæд дин афонæ æй дæ фæззигон æрхæндæгдзийнадæ дæ сæрæй фæссорунæн. Цæмæй изæрæй хуæздæр фунæй кæнай, уой тухххæй ванитæ кæнæ. Психологон уавæр бæрзонддæр ку кæна, уомæн хуарз агъаз æнцæ, йод ке хурфи ес, уæхæн хуæруйнæгтæ: фейхоа, къабуска, кæсалгæ, дендзи æндæр продукттæ. Хæдзари медæгæ æгæр берæ ма бадæ, фулдæр уолæфæ кæдзос уæлдæфæй, ахиддæр цо театрмæ, равдиститæмæ, кинотеатрмæ, æмбæлæ дæ хеуæнтти æма зонгити хæццæ. Архайæ, телевизор æма компьютери рази бадунæй дæхе еуварсдæр дарунбæл.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:**

**1.** **Дуйней берæ паддзахæдтæ пайда кодтонцæ цагъайрадæй. Фал рæстæгутæ куд цæугæ цудæнцæ, уотæ еци æверхъау мадзалбæл паддзахæдтæ кезугай хъоди кæнун байдæдтонцæ. Еугурей фæсте æй 1981 анзи раййивта еу араббаг паддзахадæ. Кæци?**

а) Судан. б) Мавритания. в) Тунис.

**2.** **Искæсæни бæстити, кандалатчи, зæгъгæ, ци ацъагъуæгин косгути худтонцæ, етæ ци аразтонцæ?**

а) Æхсаргæрдтæ. б) Хуæруйнаггæнæн дзаумæуттæ. в) Халва.

**3.** **Номдзуд уадзимис «Слово о полку Игореве»-йæн æ бундорон къохæйфинст æ рæстæги фесавдæй. Цæй фудæй?**

а) Басугъдæй. б) Радавтонцæй. в) Бамбудæй.

**4.** **Æ рæстæги æнæгъæнæ Советон Цæдеси дæр игъустгонд адтæй Никитæ Изотов, æ мæйон кустадон ихæслæвæрд 200 процентемæй ке исæнхæст кодта, уой фæрци. Ци кустгæнæг ба адтæй?**

а) Зурнæйзелæг. б) Æндонфицæг. в) Шахтер.

**5.** **Европаг бæститæй еуей еугонд командæ æртæ хатти рацудæй футболæй дуйней чемпионати кæронбæттæнмæ, фал си еунæг хатт дæр нæ фæуүалахез æй. Кæци бæсти командæ адтæй?**

а) Нидерландтæ. б) Бельги. в) Швеци.

**6.** **Зундгонд къниаз Борис Голицын (1654-1714), наукити Петербургаг академий академик, циуавæр науки ниуугъта зингæ фæд?**

а) Сейсмологи. б) Ботаникæ. в) Медицинæ.

**Нур ба раст дзуæппитæ нæ газети 34-аг номери мухургонд æмдзæвгитæн. Скъуддзæгтæ ци æмдзæвгитæй райстан, уони нифс финстонцæ:**

1) Багъæрати Созур («Æфхуæргутæн»), 2) Амилахуанти Илья («Нæ дзæхæрай»), 3) Гурджибети Блашка (« Мæ фæндур»), 4) Тетцойти Таймураз («Ка загъта мин, æрмæстдæр тугъди...»), 5) Малити Геуæрги («Адтæй рæсугъ догæ»), 6) Гибизти Оскар («Мæ финст мин аргъауис...»)

## ЦÆМÆДЕСАГ ХАБÆРТТÆ – БАФÆНЗУНИ АККАГ!..

### ФÆЛХУÆРДТÆ ДÆР – ПАЙДАЙАГ

Аллихузон тропикон æма субтропикон зайæгойтæ кустгонд ку ’рцæунцæ, уæд си байзайуй берæ фæлхуæрттæ. Сæкæри хъæзæ, къофий хъæдорæ, банантæ æма ананастæй ци хауæццæгтæ равзуруй, уонæй испайда кæнунцæ хуаллæгтæн, сæ фулдæр хай ба бугъалæнтæмæ гæлдзун багъæуй. Япойнаг институт «Индастриал продакте рисерч» Коста-Рики берæ фæлварæнти фæсте ’рцудæй ахсгиаг хатдзæгмæ: тропикон æма субтропикон зайæгойти фæлхуæрттæй аразæн ес, полистирол ке хонунцæ æма пластмассæй цауддæр ка нæй, уæхæн æрмæг. Уæхæн пластмассæ есунæн тæккæ хуæздæр иссæй къофий æфсери цъæрттæ.

*РЕДАКЦИЙÆЙ: Махæн пайдайаг нæ уидæ еци æргъудидзийнадæй испайда кæнун – кæдимайди ба нæ бугъалæнтæ фæмминкъийдæр уиуонцæ.*



### ÆГÆР ХЪÆЛÆБАЙ ТУХХÆЙ... ИВАР

Флориди минкъий сахар Дирен Бичи хецауадæ исфæндæ кодта сæ цæрæн рауæнæй «сабуйради зонæ» исаразун. Сахари æма æ бацæуæнти фæззиндтæй æгæр хъæлæбагæнæг аппаратури гъæр фæмминкъийдæр кæнун ке гъæуй, уой зæрдæбæл ка ’рлæууун кæндзæнæй, уæхæн плакаттæ. Сабуйрадæ гъæуай кæнуни туххæй фæдздзурдтæ федаргонд цæунцæ закъонади ’рдигæй дæр. Пъæлицæйæн ес æ магнитофон кенæ приемники хъæлæба 15 метремæй идарддæр кæмæн игъуса, уой 500 доллæремæй фæивар кæнуни барæ.

*РЕДАКЦИЙÆЙ: Аци хабар уомæ гæсгæ мухур кæнæн, æма ’й кæдимайди ба бафæнзиуонцæ мах республики гъæуттæ æма сахарти хецауеуæггæнæгутæ дæр. Æндæра нæмæ æгæр исберæ ’нцæ уæхæн адæймæгутæ, кæцитæ сæ хуæдтолгити æма æндæр транспортон фæрæзнити, мотори, уæдта си ци «музыкæ» бафтаунцæ, уони гъæр æхсæвæй-бонæй уоййасæбæл исбæрзонд кæнунцæ æма адæймаги сæри фæрстæ ратонунмæ ма минкъий фæгъæуй.*

*Уæхæн æвдедауцæ уавæри нихмæ еудадзуг бæргæ дзурдæуй, фал... Мадта автоинспекций косгутæ ба уой гъуди дæр нæ кæнунцæ.*

Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 2034**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 20.09.2024.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 20.09.2024.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.